

# Rediksyon nan Kotizasyon nan Frè pou Peye Disponib nan NY State of Health

## Moun yo ak Fanmi yo: Bese Pri Swen Medikal Ou



Kèk moun ak fanmi ki achte asirans nan NY State of Health ki anba kontwòl leta, Mache Plan Sante Ofisyèl a, ap kapab jwenn rediksyon nan kotizasyon nan frè pou peye k ap pèmèt yo peye mwens lajan lè yo resevwa swen sante.

Ou kapab chèche konnen si ou kalifye pou asirans sante gratis oswa pou asirans pou pri ki ba nan NY State of Health ki anba kontwòl leta depi ou ale nan sitwèb [nystateofhealth.ny.gov](http://nystateofhealth.ny.gov)

### Kisa Rediksyon nan Kotizasyon nan Frè pou Peye ye epi Kijan yo Fonksyone?

**Rediksyon nan kotizasyon nan frè pou peye** bese kantite lajan ou peye lè ou resevwa sèvis swen sante. Yo kapab bese franchiz ou yo, kopeman ou yo, ko-asirans ou, ak depans total avèk lajan pòch ou - men sèlman si ou antre nan yon plan nivo “ajan” nan NY State of Health. Ou ka kalifye tou pou ekonomize lajan sou frè asirans sante ou pa mwa, ki rele Kredi nan Taks pou Frè Asirans pa Mwa. Ou dwe kalifye pou kredi nan taks pou frè asirans pa mwa pou ou kapab resevwa kotizasyon nan frè yo. Jwenn plis enfòmasyon nan fèt enfòmasyon ki rele *Fason pou Konprann Kredi nan Taks pou Frè Asirans Sante pa Mwa: Chwa pou Moun ak Fanmi yo.*

Kantite lajan rediksyon nan kotizasyon frè pou peye ou ka resevwa a depannde revni ou. Tank revni ou pi ba tank ou ka resevwa plis èd.

- Moun ak fanmi ki gen revni yo ant 138% ak 250% Nivo Federal Povrete (Federal Poverty Level, FPL) kapab resevwa èd pou peye franchiz yo, kopeman yo ak ko-asirans yo, yon fason pou yo kapab peye mwens lajan chak fwa yo ale nan klinik doktè oswa chak fwa yo bezwen lòt sèvis swen sante.
  - Pa egzanp, 138% - 250% FPL egal revni ki ant \$16,243-\$29,425 dola pou yon moun, epi \$33,465-\$60,625 dola pou yon fanmi kat (4) moun.
  - Moun ki gen revni ki pi ba yo ka kalifye pou asirans sante piblik gratis.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou refòm nan swen sante epi pou wè si ou kalifye pou rediksyon nan kotizasyon nan frè yo, ale sou sitwèb NY State of Health nan [nystateofhealth.ny.gov](http://nystateofhealth.ny.gov), oswa rele nimewo 1-855-355-5777.



## Ou Kapab Konpare Pri Asirans Sante nan NY State of Health



### Èske Sibvansyon Kotizasyon nan Frè pou Peye Disponib Pou Nenpòt Plan Sante?

**Enpòtan:** Ou kapab fè ekonomi sa yo sou depans avèk lajan pòch ou sèlman si ou enskri nan yon plan “Nivo Ajan” avèk NY State of Health.

Lè ou kalifye pou yon kredi nan taks pou frè asirans ou pa mwa nan oswa anba 250% Nivo Federal Povrete (FPL) epi ou antre nan yon Plan Silver nan NY State of Health, rediksyon nan kotizasyon nan frè pou peye yo ap aplike otomatikman nan pwoteksyon ou.

### Kondisyon pou Konnen konsènan Èd Lajan

“**Kotizasyon nan Frè pou Peye**” se kantite lajan ou peye pou swen sante ou lè ou resevwa li pandan ou gen asirans. Li gen ladan **franchiz**, **kopeman**, ak **ko-asirans**. Li pa gen ladan frè asirans pa mwa oswa frè pou peye pou sèvis ki pa garanti avèk plan sante ou.

**Franchiz yo** se sa ou dwe peye pou pifò kalite swen sante anvan plan sante ou kòmanse peye. Pa egzanp, si franchiz ou se \$1,000 dola, plan ou p ap peye anyen pou pifò swen sante ou resevwa jouk lè ou peye franchiz \$1,000 dola a.

- Dapre lwa federal sou swen sante, plan moun fèk achte yo dwe garanti sèten sèvis swen sante okonplè pou prekosyon - ou p ap gen pou peye yon franchiz oswa lòt kantite lajan kotizasyon frè pou peye lè ou resevwa sèvis sa yo.

- **Kopeman yo** se kantite lajan fiks (pa egzanp, \$20 dola) ou peye pou sèvis swen sante ki garanti yo. Kopeman an kapab pa menm selon kalite sèvis swen sante ki garanti a.

- **Ko-asirans** se kotizasyon ou nan frè pou peye pou yon sèvis swen sante ki garanti. Se yon pousantaj kantite lajan konpayi asirans lan deside yo kapab fè ou peye pou sèvis la.

- Pa egzanp, si ko-asirans ou se 20%, epi pwosedi medikal ou se \$1,000 dola, epi ou peye franchiz ou, peman ko-asirans ou ta 20% nan \$1,000 dola, oswa \$200 dola. Plan asirans sante ou ta peye rès bòdwo a; 80% oswa \$800 dola.

**Pifò moun dwe gen asirans oswa y ap peye yon sanksyon.  
Pran asirans jodi a.**